



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO DEKRÈ EGZEKITIF PANDAN SEMÈN KLIMATIK LA K AP ANNONSE OPERASYON DIRABILITE KI SE LIDÈ NAN NASYON AN

Objektif dirab yo pral konbat chanjman klimatik la, akselere tranzisyon New York nan direksyon yon ekonomi vèt, epi priyoreze kominote ki defavorize yo

Engage Eta New York pou 100 pousan enèji renouvlab nan operasyon Eta a yo disisi 2030

Ajans Eta yo, ki reprezante yon estimasyon 50 milya dola nan investisman, deja angaje pou reyalize pòtfèy investisman nèt zewo disisi 2040

Li soutni objektif anbisyè klimatik New York yo pou atenn 40 pousan rediksyon nan emisyon gaz efè sè disisi 2030, ak 85 pousan rediksyon disisi 2050

Li Dekrè Egzekitif la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon [Dekrè Egzekitif](#) pou akselere efò pou rann operasyon Eta a yo pi dirab. Pandan New York ap komemore Semèn Klimatik la, Dekrè Egzekitif 22 baze sou pwogrè ki fèt pa [GreenNY Council](#) pou kontinye rasyonnalize administrasyon direktiv Eta sou dirabilite ak klima ki moutre egzanp epi ki fikse nouvo objektif pou pèfòmans anviwònmanal ajans Eta yo. Gouvènè Hochul te anonse tou ke ajans ak otorite Eta yo, ki reprezante yon estimasyon 50 milya dola nan investisman, te angaje pou reyalize pòtfèy investisman nèt zewo disisi 2040. Aksyon solid sa a asire resous finansye Eta New York yo an akò ak obligasyon enèji pwòp ak dekarbonizasyon li yo jan sa adopte nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) 2019 la.

"New York deja ap dirije nasyon an nan aksyon klimatik, epi avèk Dekrè sa a, n ap kreye plan pou ede lòt eta yo suiv menm bagay la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo angajman sa yo, n ap ranfòse apwòch nou pou jerans anviwònmanal ak nouvo objektif anbisyè pou tranzisyon nan direksyon enèji renouvlab, investi nan veyikil elektrik, epi redwi drastikman dechè ak itilizasyon sibstans toksik - tout pandan n ap pwoteje kominote ki pi defavorize yo nan eta nou an. Antanke yon kapital finansye mondyal, New York nan yon pozisyon inik pou konbat chanjman klimatik, epi

administrasyon mwen an rete angaje nan dirije batay la nan alinye envestisman ak operasyon nou yo ak valè Eta New York yo."

Atravè Dekrè Egzekitif la, Konsèy GreenNY la pral asire ke ajans Eta yo swiv meyè pratik nan acha vèt ak nan operasyon yo lè yo pibliye nouvo espesifikasyon acha vèt ak direktiv operasyonèl yo. Dekrè a pral administre pa Konsèy GreenNY la, yon gwoup travay milti-ajans ki koprezide pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Divizyon Bidjè (Division of the Budget, DOB) a, Biwo pou Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) yo, Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak, ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) Rapò anyèl obligatwa ki soti nan men ajans ak otorite yo pral ede asire ke objektif Dekrè a reyalize.

Dekrè kouvri sib ak objektif sa yo:

- 100 pousan nan elektrisite ki itilize nan operasyon Eta a pral soti nan enèji renouvlab (jan sa defini nan Etanda Enèji Pwòp la) dis 2030.
- 100 pousan flòt veyikil lejè ki pa ijans yo pral Veyikil Zewo Emisyon (Zero Emission Vehicles, ZEVs) dis 2035 epi 100 pousan flòt veyikil pwa mwayen ak pwa lou yo pral ZEVs dis 2040.
- Yo pral reyalize 11 mil milya BTU (inite tèmik britanik) ekonomi enèji dis 2025 atravè pwogram BuildSmart 2025 lan.
- Mete restriksyon sou nouvo enstalasyon Eta yo ki nan faz konsepsyon epi pèmèt apati 2024 yo sèvi ak enfrastrikti ke yo ka itilize pou konbisyon konbistib fosil yo.
- Yo pral redui dechè fatra a 10 pousan chak senkan jiskaske yo rive atenn yon objektif 75 pousan pi ba pase yon nivo debaz pou Ane Fiskal 2018-19 la, ki pral gen ladan yon konbinezon estrateji pou devye materyèl yo nan depotwa yo, ogmante resiklaj, ak amelyore konpostaj ak lòt re-tilizasyon materyèl òganik yo.
- Yo pral elimine itilizasyon plastik pou yon itilizasyon inik lan operasyon Eta yo.
- Yo pral redwi itilizasyon sibstans toksik yo nan operasyon Eta yo.
- Yo pral amelyore abitan ke ajans ak otorite Eta yo mentni, tankou sipò pou polinizatè endijèn yo.
- Yo pral ogmante rezistans klima nan enstalasyon Eta a yo.

Dekrè Egzekitif la pran mezi pou asire ke operasyon Eta a pa gen yon chaj ki pa pwopòsyonèl sou do kominote defavorize yo lè li mande Konsèy GreenNY la pou detèmine ki enstalasyon Eta a ki sitiye nan kominote defavorize yo epi mande ajans ak otorite yo pou yo priyorize enstalasyon ki nan kominote sa yo pou amelyorasyon dirabilite pou redwi enpak potansyèl yo sou kominote kote yo ye a.

Dekrè Egzekitif la pral asire tou ke operasyon Eta a pa gen yon chaj ki pa pwopòsyonèl sou do kominote defavorize yo lè li priyorize amelyorasyon dirabilite pou enstalasyon Eta a yo nan kominote sa yo.

Anplis Dekrè Egzekitif la, ajans ak otorite yo te soumèt plan aksyon mwa sa a ki dekri chemen yo nan yon pòtfèy investisman nèt zewo. Plan aksyon yo gen ladan estrikti ak estrateji pou evolye konstriksyon pòtfèy yo, ki gen ladan plan pou ogmante investisman nan solisyon dirab yo. Sa a satisfè direktiv Gouvènè a nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 li a. Ou ka jwenn plis detay sou plan aksyon pòtfèy investisman nèt zewo ajans lan ak otorite a sou sit entènèt pa yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Dekrè Egzekitif sa a souliye ke nan dapre Gouvènè Hochul, Eta New York angaje li konplètman nan batay kont chanjman klimatik la ak nan amelyore anviwònman nou an. Nou gen anpil nan pwoteksyon anviwònmanal ki pi solid nan nasyon an epi operasyon ajans ak otorite nou yo ta dwe fèt nan yon estanda menm jan an ki wo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji ak Koprezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Aksyon pou asire yon avni vèt dwe fèt nan chak nivo, epi Dekrè Egzekitif Gouvènè Hochul la bay direksyon ki nesese pou avanse efò dirabilite Eta a, pandan y ap mete aksan sou angajman kontinyèl administrasyon sa a anvè rezidan yo nan kominote ki istorikman ki pa jwenn ase sèvis yo. Kòm yon manm Konsèy GreenNY la, NYSERDA akeyi kolaborasyon ak kòlèg ajans Eta a yo nan avanse estrateji ak pi bon pratik pou atenn objektif kolektif enèji pwòp Eta New York yo."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Nouvo Dekrè Egzekitif Gouvènè Hochul la se yon pwochen etap esansyèl nan efò kontinyèl yo pou ogmante dirabilite ak rezistans nan operasyon gouvènman Eta a yo. Ekip OGS la pral kontinye travay avèk ajans ak patnè otorite nou yo pou reyalize objektif anviwònmanal enpòtan sa yo nan non tout Nouyòkè yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Eta New York bezwen trase yon egzanp nan chak aspè nan operasyon ak acha li yo nan aji yon fason dirab epi pwoteje resous natirèl nou yo. Lè yo pwomouvwa yon seri pi bon pratik epi fè yo piblik, ajans ak otorite eta yo ka gen yon enfliyans enpòtan sou fason biznis yo fèt nan tout New York. Yon estrateji dirab alontèm se pi bon fason pou montre angajman inifye nou pou konbat chanjman klimatik epi sèvi pati konsène nou yo ak eta a."

Prezidan Fonksyon Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare, "Gouvènè Hochul ap kontinye fè New York avanse pou pi devan an tèm devlope ak fikse objektif ak direktiv an matyè dirabilite ak klima. Chemen Gouvènè Hochul ap travèse a pral ede New York nan batay li kont chanjman klimatik la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Tranpò Metwopolitèn an, Janno Lieber, te deklare, "Nouyòkè yo gen pi anprent kabòn ki pi fèb pa abitan pami 50 eta yo paske chak jou plizyè milyon moun isit la vwayaje nan transpò piblik epi paske anpil Nouyòkè ap viv nan katye ki gen gwo dansite ki adapte pou pyeton, ki minimize vwayaj nan machin. MTA se antidòt kont chanjman klimatik la epi li fè sistèm nan pi rezistan."

Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral Fon Asirans Eta New York la, Gaurav Vasisht, te deklare, "Nan kad lidèchip vizyonè Gouvènè Hochul la, New York pran angajman pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè a 85 pousan disi 2050. Antanke yon konpayi asirans ak pwopriyete byen, NYSIF pa ka tann pou fè pati pa li nan dekarbonize envestisman li yo, finanse solisyon ekolojik yo, epi kolabore ak lòt moun pou mennen chanjman pozitif epi bati yon avni ki pi ekitab ak pwospè."

Nouyòkè yo ka li Dekrè Egzekitif [isit la](#) ak lòt fason gouvènman Eta a ap dirije atravè egzanp sou sitwèb [GreenNY](#) la.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominote a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

